

# Rete an Sekirite kont Trafik Seksyèl

## Ou gen dwa pou w gen kontwòl kò ou.

- Pèsòn pa t a dwe mande w pou w patisipe nan okenn zak seksyèl avèk li pou w ka jwenn lojman, travay, lajan, sekirite, oswa pou peye yon dèt.
- Pèsòn pa t a dwe menase fè ou menm, fanmi w oswa zanmi w mal pou fòse w patisipe nan nenpòt zak seksyèl avèk li. Pami menas sa yo gen menas pou fè depòte w oswa pou pran pitit ou nan men w.
- Pèsòn pa t a dwe sezi kat idantifikasyon w (ID), paspò w oswa lòt dokiman w pou fòse w patisipe nan nenpòt zak seksyèl avèk li.
- Pèsòn pa t a dwe limite mouvman w oswa kapasite w pou w deplase kite yon kote, tankou lakay ou oswa lokal travay ou.
- Pèsòn pa t a dwe siveye kote w ale oswa fèmen w yon kote.
- Pèsòn pa t a dwe anpeche w wè fanmi w oswa zanmi w oswa pale ak yo libelibè.

**Vil New York la pou ede w.** Pou enfòmasyon sou sèvis ak èd ki disponib pou ou yo, ou ka –



rele **1-800-621-4673**



vizite [www.nyc.gov/NYCHOPE](http://www.nyc.gov/NYCHOPE)